KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

# Parmin lan Topeng Bobung

## Parmin dan Topeng Bobung



Penulis: Fitriana
Ilustrator: Bayu Prihantoro

B2

KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

# Parmin lan Topeng Bobung

## Parmin dan Topeng Bobung

Penulis : Fitriana
Ilustrator : Bayu Prihantoro
Penerjemah: Fitriana

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.**
Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

# PARMIN LAN TOPENG BOBUNG
## PARMIN DAN TOPENG BOBUNG

Penulis : Fitriana
Ilustrator : Bayu Prihantoro
Penerjemah : Fitriana
Penyunting : Aji Prasetyo
Penata Letak: Bayu Prihantoro

Penerbit
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id

Cetakan Pertama, 2023
ISBN 9786231187567 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Lilita One, Concert One.

ii, 28 hlm., 21 x 29,7 cm.

# Kepala Balai Menyapa

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.
Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi

# Parmin lan Topeng Bobung

Parmin dan
Topeng Bobung

Parmin iku bocah kang seneng jajan. Dheweke uga ora bisa nyimpen dhuwit ing celengan. Saiki Parmin kepengin tuku tas gathotkaca kaya duweke Darman. Ananging, Parmin ora duwe celengan.

Parmin gemar sekali jajan. Ia tidak bisa menyimpan uang. Sekarang Parmin ingin membeli tas gathotkaca seperti milik Darman, padahal Parmin tidak memiliki tabungan.



Parmin nembung marang ibune, “Bu, Parmin kepengin tuku tas gathotkaca.”
Ibune mangsuli, “Parmin ora pareng boros yen kepengin tetuku.”

Parmin meminta kepada ibunya, “Bu, belikan Parmin tas gathotkaca!”
Ibunya menyahut, “Parmin harus rajin menabung jika ingin membeli sesuatu.”



Rina wengi Parmin kepikiran tas gathotkaca kaya duweke Darman. Parmin kepikiran arep nyambut gawe. Kepengin melu ngangkut kacang saka sawahe pakde. Ananging, ngangkut kacang iku abot, Parmin kuwatir owah otot.

Siang malam Parmin memikirkan tas gathotkaca seperti milik Darman. Tebersit dalam hatinya untuk bekerja. Parmin ingin ikut mengangkut kacang dari ladang Pak Dhe. Namun, mengangkut kacang itu berat. Parmin khawatir tidak kuat.



Parmin kepengin dodolan pitik, ananging ora duwe. Apa kudu nyolong pitike simbah?
“Ah, ora. Nyolong kuwi ora apik,” batine Parmin.

Parmin ingin menjual ayam. Namun, ia tidak mempunyai ayam. Apa harus mengambil ayam simbah?
“Ah, tidak. Mencuri itu tidak baik,” batin Parmin.



Parmin kepengin
ngukir topeng kaya
bapakne, ananging
ora bisa.
“Duh, aku kudu piye?”
pikire Parmin.

Parmin ingin mengukir
topeng seperti bapaknya.
Namun, tidak bisa.
“Duh, bagaimana ini?”
pikir Parmin.



“Ngek...ngek,” suwarane graji muni banter nyigar kayu. Parmin nyawang saka cendhela.
“Ahaa....,” Parmin njingkrak seneng banget. Dheweke kepikiran salah sawijining cara. Parmin njupuk buku sing ana gambare gathotkaca saka tas. Dheweke uga nemoni bapake.

“Ngek...ngek,” terdengar suara keras gergaji yang membelah kayu. Parmin melihat keluar jendela.
“Ahaa....,” Parmin melompat kegirangan. Ia memiliki sebuah ide. Parmin mengambil buku bergambar gathotkaca dari dalam tasnya. Ia segera menemui bapaknya.



Parmin nggawa buku sing ana gambare gathotkaca. Gathotkaca iku tokoh wayang kang paling disenengi. Dheweke kuat lan mrantasi. Parmin mlayu tumuju plataran. Bapakne lagi ngukir topeng Dewi Anggraeni.

Parmin membawa buku bergambar gathotkaca. Gathotkaca adalah tokoh wayang kesukaannya. Gathotkaca itu kuat dan hebat. Parmin berlari menuju halaman rumahnya. Bapaknya sedang mengukir topeng Dewi Anggraeni.



“Pak, gambarku apik, ta?” Parmin nduduhake gambarane marang bapakne.
“Apik banget, Parmin,” alem bapakne.
Parmin mesem. Kayane dheweke bisa tuku tas gathotkaca nganggo dhuwite dhewe.

“Pak, gambarku bagus, kan?” Parmin memperlihatkan gambarnya pada bapaknya.
“Bagus sekali, Parmin,” puji bapaknya.
Parmin tersenyum lebar. Sepertinya ia bisa segera membeli tas gathotkaca dengan uangnya.



“Parmin oleh melu ngecet topeng ora, Pak?” pitakone Parmin, “Nanging Parmin njaluk dibayar kaya Paklik Sarmo.”
“Oleh wae, Parmin,” wangsulane bapakne.

“Boleh tidak Parmin membantu mewarnai topeng, Pak?” tanya Parmin, “Akan tetapi, Parmin minta dibayar seperti Pak Lik Sarmo.”
“Boleh saja, Parmin,” jawab bapaknya.

Parmin seneng banget. Dheweke wiwit ngleletake cet nganggo kuwas. Parmin wiwit ngecet bagean jamang ing topeng bobung.

Parmin senang sekali. Ia mulai mengoleskan cat dengan kuasnya. Parmin mulai mewarnai bagian jamang di topeng itu.



Ing bagean jamang ana telung perangan kang kudu diwarnani. Perangane, yaiku tumpal, relung, lan kala makara. Tumpal kuwi mujudake kembang pudak sing wujude kaya bawang. Relung mujudake gambaran tanduran lan gegodhongan. Dene kala makara mujudake gambaran manuk garuda.

Pada jamang, ada tiga bagian yang harus diwarnai. Bagian itu disebut tumpal, relung, dan kala makara. Tumpal adalah gambaran dari bunga pudak yang berbentuk bawang. Relung merupakan gambaran dari tumbuhan dan dedaunan, sedangkan kala makara adalah penggambaran dari burung garuda.



“Bapak pirsani asile!”
Parmin nduduhake bagean jamang sawise diwarnani.
Bapakne njupuk topeng bobung saka tangane Parmin.
"Apik tenan," bapakne ngalem, "Nanging bagean iki durung rata.”

“Bapak, lihat hasilnya!”
Parmin memperlihatkan bagian jamang yang sudah diwarnai.
Bapaknya mengambil topeng bobung dari tangan Parmin. “Bagus sekali.” bapaknya memuji. “Sayangnya, bagian ini kurang rata.”



Parmin njupuk topeng saka tangane bapakne. “O, iya. Isih durung rata,” celathune Parmin. Parmin nambahi warna abang ana ing bagean jamang. Saiki Parmin butuh warna ijo, ananging warna ijo wis entek. Parmin ngeling-eling pelajaran sekolahe. Dheweke nggawe campuran warna kuning lan biru.
“Hore, saiki wis duwe warna ijo!” surake Parmin.

Parmin mengambil topeng itu dari tangan bapaknya. “Ooo, iya. Masih belum rata,” kata Parmin.
Ia pun merapikan warna merah pada bagian jamangnya. Sekarang Parmin butuh warna hijau, namun warna hijau sudah habis. Ia pun mengingat pelajaran di sekolah. Parmin mencoba mencampur warna kuning dan biru.
“Hore, sekarang warna hijau ada lagi!” seru Parmin.



Sawise ngecet perangan jamang, Parmin wiwit ngecet perangan liyane. “Saiki kowe ngecet alis wujud kidang ambek!” penjaluke bapakne. Wujud alis iki ana ing topeng branyak lan ranyaban. Contone topeng Bathara Endra lan Guntur Samudra.

Setelah mewarnai bagian jamang, Parmin mulai mewarnai bagian lainnya.
“Sekarang warnai alisnya yang berbentuk *menjangan ranggah*!” kata bapaknya.
Bentuk alis *menjangan ranggah* biasa terdapat pada topeng *branyak* dan ranyaban. Contohnya pada topeng Bathara Endra dan Guntur Samudra.



Parmin ngleletake kuwas kanthi ngati-ati.
Pranyata asile ora padha antarane sisih tengen lan kiwa.
"Aduh, alise ora padha," kandhane Parmin sajeroning ati.

Parmin mengoleskan kuas dengan hati-hati. Ternyata hasilnya tidak sama antara kanan dan kiri.
"Aduh, alisnya tidak sama," kata Parmin dalam hati.



Jebule ngecet topeng bobung kuwi ora gampang. Parmin meh mutung. Golek dhuwit jebule angel. Parmin nyawang bapakne anggone nyambut gawe. Sanalika Parmin kepengin kaya bapakne. Parmin kepengin pinter nari panji lan nggawe topeng bobung.

Ternyata mewarnai topeng bobung itu sulit. Parmin hampir menyerah. Mencari uang itu tidak mudah. Parmin melihat bapaknya bekerja. Seketika Parmin ingin menjadi seperti bapaknya. Parmin ingin pandai menari panji dan membuat topeng sendiri.

Parmin ndelengake tumpukan topeng bobung kang wis siap diedol. Topeng kuwi duwe warna lan wujud kang beda-beda. Wujud mripat, irung, lan tutuk nuduhake bedaning watak.

Parmin melihat tumpukan topeng bobung yang sudah siap dijual. Topeng bobung memiliki warna dan bentuk yang berbeda-beda. Bentuk mata, hidung, dan mulut menunjukkan perbedaan karakternya.



Ing Gunungkidul, topeng bobung lumrah digunakake kanggo njoged tari panji. Saben paraga nduweni ciri dhewe-dhewe. Saben paraga nganggo topeng miturut jogede. Topeng alusan digunakake para paraga tari kanthi joged kang alon.

Di Gunungkidul, topeng bobung biasa digunakan untuk menari panji. Setiap penari memiliki ciri khas tersendiri. Setiap penari memakai topeng sesuai dengan gerakannya. Topeng alusan dipakai oleh penari dengan gerakan yang halus.



Topeng gagahan digunakake para paraga tari kanthi joged kang lincah. Topeng para widadari diarani putren. Dene topeng kanggo para abdi dalem diarani gicul.

Topeng gagahan dipakai oleh penari dengan gerakan yang lincah. Topeng para dewi disebut putren. Sedangkan topeng untuk para abdi disebut *gicul*.

Topeng bobung nduweni bolongan ono ing bagean mripat, irung lan tutuk. Bolongan iki digawe supaya para peraga iso mangerti, ambegan, lan omongan pas nari panji.

Topeng Bobung memiliki lubang pada mata, hidung, dan mulut. Lubang ini dibuat agar penari dapat melihat, bernapas, dan berdialog saat menari panji.

Parmin ndeleng topeng kang wis dicet. Dheweke ndeleng topeng Bathara Endra bola-bali. Kuwi topeng kang sepisan diwarnani.

Parmin melihat topeng yang sudah diwarnainya. Berkali-kali ia melihat topeng Bathara Endra di tangannya. Itu adalah topeng pertama yang diwarnainya.

"Pak, iki asile!" Parmin nduduhake topeng marang bapakne.
“Parmin ora sida njaluk bayaran,” ujare Parmin.
Parmin ngrumangsani asile ngecet urung sampurna.

“Pak, ini hasilnya.” Parmin memberikan topeng bobung pada bapaknya.
“Parmin tidak jadi meminta bayaran,” lanjut Parmin.
Parmin merasa hasilnya belum bagus.



Bapakne Parmin mesem. Dheweke ngelus sirahe Parmin alon-alon. Tangane Parmin glepot cet warna-warna.

Bapak Parmin tertawa. Ia mengelus kepala Parmin lembut. Tangan Parmin berlepotan dengan cat warna-warni.



“Iki asil kerjane Parmin dina iki,” kandhane bapakne Parmin.
Parmin mesem seneng. Ora kanyana-nyana bapakne menehi dhuwit seket ewu. Dhuwit kuwi arep dicelengi kanggo tuku tas gathotkaca.

“Ini hasil kerja Parmin sehari ini,” kata bapaknya.
Parmin tersenyum senang sekali. Tidak disangka, bapaknya memberikan uang lima puluh ribu kepadanya. Uang itu akan ditabung untuk membeli tas gathotkaca.



“Matur nuwun, Pak. Parmin seneng ngrewangi Bapak,” ujare Parmin. Parmin ngekep bapakne kenceng banget.

“Terima kasih, Pak. Parmin senang bisa membantu,” kata Parmin.
Parmin memeluk bapaknya erat sekali.



# Biodata

## Penulis dan Penerjemah



Fitriana, seorang guru yang memiliki hobi menulis. Berdomisili di Gunungkidul. Suka berimajinasi, traveling, dan menonton drama Korea. Cerita Parmin dan Topeng Bobung terinspirasi dari sentra kerajinan topeng yang ada di daerah Bobung, Gunungkidul. Penulis dapat dihubungi melalui posel ladyveana@gmail.com

## Ilustrator



Bayu Prihantoro, lahir pada tahun 2001. Ia sedang menempuh pendidikannya di Universitas Negeri Yogyakarta pada jurusan Pendidikan Seni Rupa. Ia adalah seorang desainer grafis dengan fokus pada bidang ilustrasi, *branding*, dan *layouting*. Pembaca dapat mengubungi melalui instagram @bapritow atau melalui posel yoe.bayoeee@gmail.com.

## Penyunting



Aji Prasetyo, lahir pada tahun 1976 di Semarang. Menamatkan pendidikan Sarjana Sastra Indonesia Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Gadjah Mada pada tahun 2002. Pernah bekerja di Kantor Bahasa Provinsi Sulawesi Tenggara tahun 2006—2012. Sejak 2012—sekarang, ia bekerja di Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menghubungi melalui posel ajiprasetyo2009@gmail.com.

ISBN 978-623-118-756-7 (PDF)

MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Parmin ingin memiliki tas gatotkaca, namun ia tidak memiliki uang untuk membelinya. Meminta pada Ibu? Pasti Ibu menolaknya. Muncullah idenya untuk membantu bapaknya mewarnai topeng. Ia meminta izin kepada bapaknya untuk membantu. Akhirnya Parmin mulai membantu bapaknya mewarnai bagian jamang pada topeng bobung. Aduh, ternyata mewarnai topeng itu sulit. Hasilnya masih jauh dari sempurna. Parmin tidak jadi meminta uang dari ayahnya. Akan tetapi, ternyata ayahnya memberikan uang pada Parmin. Parmin sangat bahagia.

**KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023**